

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County


JANVYE 2019

Bilten 11, NIMEWO 49

SA KI LADAN:

- Pwogram pou Konseye Elèv
- To Gradyasyon
- Enfòmasyon sou Otabis Lekòl

KI KOTE CARMEN SANDIEGO YE?



Plis pase 1,700 elèv Lekòl Leta Miami-Dade County te pran fòmasyon sou jewografi yon fason ki amizan e enteresan nan patisipe nan "Carmen Sandiego Day" (Jounen Carmen Sandiego) nan 'Adrienne Arsht Center for the Performing Arts'

ENSKRI JODI A! DEFI ANYÈL 5 KILOMÈT SIPÈNTANDAN AN POU 2019

Katriyèm Defi Anyèl Sipèntandan an, ki pwograme pou samdi 13 avril 2019 nan Museum Park, se yon Kous/Mach 5Kilomèt pou pwomote sante ak byennèt nan lekòl nou yo e nan kominote nou an. Nou ankouraje lekòl yo pou yo enskri ekip yo paske yon pousantaj nan pwofi ki ap fèt nan evènman sa a pral jwenn lekòl ki patisipe yo. Pwofi ki fèt sou moun ki ap patisipe endividyèlman pral jwenn 'Foundation for New Education Initiatives, Inc.' –



yon òganizasyon sipò dirèk pou M-DCPS. Tout patisipan ki enskri yo ap resevwa yon mayo ak yon meday pou moun ki fini kous la. Enskri

kounye a nan <https://www.athlinks.com/event/superintendents-5k-challenge-race-for-education-167578>

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

18 fevriye - "Presidents Day" (Jou Tout Prezidan yo)
24 fevriye - Fwa Kolèj Nasyonal
14 mas - Jou pou Lekòl Segondè Lage Bonè
25-29 mas - Vakans Prentan

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

13 fevriye
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

13 mas
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

17 avril
10:00 dimaten
Sesyon Konferans: Zòn Prezans pou 2019-2020

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye; Lèkti Inisyèl - Zòn Prezans pou 2019-2020

JOUNEN POU N MENNEN PITIT FI AK PITIT GASON NOU NAN TRAVAY



Prepare nou pou n wè timoun ak adolesan ki ap angaje yo nan aprantisaj andeyò salklas, e olye de sa yo ap nan andwa travay ou a! Lekòl Leta Miami-Dade County, yon fwa ankò, ap patisipe nan Jounen "Take Our Daughters and Sons to Work" (Mennen Pitit Fi ak Pitit Gason Ou nan Travay). Ane sa a M-DCPS chwazi 1ye fevriye 2019 pou onore jou sa a, ki pèmèt elèv, ki gen laj 8-18 ane, pou yo ale nan travay avèk paran yo, lòt fanmi, oubyen konseye adilt nan lavi yo.

Objektif pwogram nasyonal sa a se pou ede elèv aprann eksprime bi karyè ak aspirasyon yo pou tèt yo, kamarad yo ak adilt ki enpòtan nan lavi yo.

Nou ankouraje anplwayè yo pou yo ofri elèv ki ap patisipe yo yon eksperyans pratik atravè andwa travay nan Sid Florid la. M-DCPS te chwazi dat ane sa a an patenarys avèk Lekòl Leta Broward County pou fasilite patisipasyon konpayi ak fanmi nan de (2) konte yo. Pou plis enfòmasyon sou "Jounen pou Mennen Pitit Fi ak Pitit Gason Ou nan Travay" la, ale nan daughtersandsonstowork.org.

PWOGAM 'CARNIVAL' POU BOUSETID AK KONSÈY – Lè Rèv Ou Pran Vwal



Pou jimèl Stephanie ak Geovanna Hernandez, ale nan kolèj te toujou sèten. Kijan yo t apal peye pou li, sa pa t twò sèten. Jimèl yo ki t ap grandi ak manman yo sèlman avèk yon salè ki te mèt, te konnen yo t ap gen pou jwenn pwòp mwayen yo si yo te vle vin premye moun nan fanmi yo ki ale nan kolèj. Atravè Pwogram 'Carnival' pou Bousetid ak Konsèy la, Stephanie ak Geovanna te pami premye elèv dènye ane lekòl segondè ki te ouvè pòt pou 'Florida State University'.

Medam yo te antre nan Pwogram 'Carnival' pou Bousetid ak Konsèy la kòm elèv dezyèm ane lekòl segondè apre yo te ale nan Akademi 'HEAT' la. Pwogram konsèy la te anseye yo, si yo travay di e yo detèmine, tout bagay ap posib. Stephanie sonje relasyon sere li te genyen avèk konseye li, Dtè. Rosalie Payne, ki te fè yon gwo enpresyon sou li. Payne te premye moun li te rankontre ki gen yon Doktora, yon degre Stephanie li menm map travay pou l jwenn nan 'University of Texas' nan San Antonio, apre li fin pran de (2) degre nan demografi.

Stephanie di, Dtè. Payne fè m vin plis pase yon pi bon elèv. Li fè m vin yon pi bon moun, ki pi responsab, ki gen plis anbisyon e ki gen plis kiryozi... Li anseye m pou m wè obstak yo kòm yon opòtinite pou m reyisi." Konseye Geovanna nan Carnival, Vicky Blanch, te anseye li pou l fè gwo rèv. Se Blanch ki te plante lide sa a nan tèt li, li ka al nan kolèj nenpòt kote, e apre li te fin pran 'BA' li nan sosyoloji, li te enskri nan 'Boston University' pou 'MBA' li. Geovanna di, "Sa mwen sonje plis se tan mwen te pase a de avèk li nan biwo l... Pandan vizit mwen, li fè plas nan orè li, e mwen te konnen tan sa a te pou mwen."

Jounen yo te pase avèk konseye yo se te pou diskite sou tout bagay, soti nan mizik rive nan bi ak aspirasyon yo. Toude jimèl yo di konseye yo te ba yo konfyans pou yo aplike pou kolèj ki pi lwen pase Miami. Bousetid la te vle di yo ka konsantre sou etid yo e itilize tan lib yo pou remèt kominote a sa l te fè pou yo. Geovanna te yon gran sè nan Tallahassee e li se youn nan Boston, tandiske Stephanie te travay

avèk elèv lekòl elemantè, mwayen ak segondè. Lè yo mande yo kisa yo t ap di yon elèv ki pral nan premye ane kolèj konsènan pwogram Carnival la, Geovanna di, "Ou ka fasilman vini e suiv sa k ap fèt, men ou dwe dinamik e pran plis ou kapab nan eksperyans sa a. Sèvi avè l pou w vin yon pi bon moun e devlope ladrès ou."

Stephanie bay konsèy sa a, "Pa pè mande èd. Nan Pwogram 'Carnival' pou Bousetid ak Konsèy, toujou gen yon moun ki dispoze ede. Leve men ou e poze kesyon." Jimèl yo bay pwogram nan kredi dèske li anseye yo fason pou yo abiye, pale an piblik, prepare yo pou entèvyou, konprann byensyans pwofesyonèl, ekri yon chèk, e kenbe yon bidjè. Men sa ki te pi enpòtan an, se te koneksyon emosyonèl avèk konseye yo.

Geovanna ajoute, "Mwen te gen yon moun kòm modèl ki pa t fanmi mwen, yon moun ki te vrèman sansib pou mwen... Nou te gen aksè ak yon rezo moun ki te sansib pou nou e ki te vrèman enterese nan nou."

TO GRADYASYON M-DCPS KONTINYE AP MONTE

To gradyasyon Lekòl Leta Miami-Dade County monte yon fwa ankò pou l rive pou premye fwa nan wotè 85.4 pousan pou ane akademik 2017-2018 la, yon ogmantasyon 4.7 pwen pousantaj pa rapò ak 80.7 pousan pou ane ki sot pase a. To sa a reprezante pi gwo to gradyasyon M-DCPS janm reyalize depi Depatman Edikasyon Florid te kòmanse suiv estatistik yo avèk metòd modèn nan fen ane 1990 yo. Si nou retire lekòl charter yo nan kalkil la, to gradyasyon nan lekòl ki anba jesyon Distri a ap 89 pousan. Mil twa san elèv an plis te gradye an 2017-18 pase ane avan an.

Depi 2006-2007, to gradyasyon Distri a ogmante prèske 27 pwen pousantaj,



soti 58.7 pousan rive 85.4 pousan an 2017-18.

To gradyasyon Miami-Dade pou elèv Blan, Ispanik, Elèv ki gen Andikap, Elèv ki Ap Aprann Anglè ak elèv ki Ekonomikman defavorize depase to Eta a. Se yon akonplisman remakab pou yon klas ki ap gradye e yo ap mezire atravè evalyasyon ki pi

rijid nan FSA ELA 10èm ane eskolè a.

Pou plis enfòmasyon, vizite <http://news.dadeschools.net/cmnc/new/28892>.

OTOBIS LEKÒL



Kenbe paran enfòmè gen plis enpòtans pou M-DCPS pase tout bagay. Depatman transpò ap voye mesaj tèks pou enfòmè paran yo konsènan reta otopis yo ak lòt enfòmasyon ki enpòtan. Paran yo ta dwe asire yo enfòmasyon sou kontak yo ajou nan lekòl pitit yo espesyalman nimewo telefòn pòtab yo ak adrès elektwonik yo. Pou rete konekte telechaje aplikasyon mobil Dadeschools la sou aparèy iPhone oubyen Android ou.

PWOJÈ GOB NAN LEKÒL ELEMANTÈ SCOTT LAKE



Resamman, M-DCPS te devwale renovasyon nan Lekòl Elemantè Scott Lake. Avèk yon investisman total \$5 milyon, pwojè a gen ladan: amelyorasyon teknoloji nan salklas, yon nouvo bilding 10,546 pye kare, yon etaj, nouvo plafon, ekleraj ak planche, yon nouvo kote pou otopis depoze elèv ak pasaj ki kouvri pou pyeton, pentire deyò lekòl la, e plis toujou. #GOBProgress

KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Primè:

Anseye Pitit Ou Fason pou Li Fè Balans ant Lekòl ak Aktivite Li
<https://bit.ly/2SYG94A>

Segondè:

Sipòte Pitit ou Lè Li Montre Li Gen Ladrès Jesyon ak Kontwòl
<https://bit.ly/2VXSsjp>



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



MiamiSchools
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo
Bryce Febres
Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se yon Pwodiksyon Biwo Kominikasyon an

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon